

Videyo Pwen Diskisyon ke Direktè Lekòl Mwayen GGM la Itilize pou Akeyi Vizitè

Sali! Non mwen se Valerie Hernandez, direktis Lekòl Mwayen Golden Gate la, e mwen kontan anpil pou mwen kapab pataje mesaj sa a avèk ou an liy.

Malgre nou pa kapab reyini an pèsòn aktyèlman, nou kontan anpil pou nou reyini e sali elèv klas 6yèm ane nou yo ki ap monte pou sezon otòn nan. Lekòl Mwayen Golden Gate se yon bon kalite lekòl mwayen; li genyen anpil opòtinite pou elèv aprann e avanse. Nou menm se Falcons; nou ofri yon gwo gam òf sou kou akademik ak elektif.

Eske ou konnen ke Lekòl Mwayen Golden Gate la genyen pwofesè devwe e swaye ki gentan la ap tann pou rankontre ou? Ou kapab vini nan pwogram bann eksepsyonèl nou an, youn nan ekip atletik eksepsyonèlman talantye nou yo, oswa nouvo pwogram atizay nou genyen ki byen amelyore.

Kòm ou kapab wè, genyen anpil pou aprann e eksperyans pou fè nan Lekòl Mwayen Golden Gate. Nou okipe sou fè preparasyon pou lòt ane e nou vle pataje kèk enfòmasyon adisyonèl avèk ou.

Anplis videyo a, ou pral resewa yon mesaj nan PowerPoint ki pral ofri enfòmasyon adisyonèl sou kisa pou espere nan lekòl mwayen.

Ou pral resewa tou enfòmasyon sou pwosesis pou seleksyon kou ke nou pral ansenye pandan kèk semenn pwochèn yo.

Kòm toujou, nou pral rann tèt nou disponib nan telefòn epi/oswa adrès elektwonik pou reponn kesyon ou. Mete ou alèz pou kontakte Madam Burton dirèkteman, Asistan Direktis nou, oswa mwen menm nan 239-377-3800. Ou kapab jwenn adrès elektwonik nou nan sit entènèt lekòl la.

Nou pral kontinye rete an kontak avèk ou si nou genyen enfòmasyon e nouvo chanjman, e nou pa kapab tann pou rankontre ou nan mwa out!